

# DOKIMAN W AP GEN BEZWEN POU MANDE POU W SOTI NAN SANT DETANSYON IMIGRASYON AN

W ap gen bezwen kèlke papye enpòtan sou moun ki pwal vin chache w nan sant detansyon an avèk fòmilè pou w fè demand otorizasyon an. Moun ki pwal vin chache w nan sant detansyon an ap "parenn" ou, se li k ap responsab ou

## Dokiman w ap met ansanm yo dwe pwouve:

- Ou gen yon kote pou w rete oswa parenn nan ap ba w yon kote pou w rete.
- Parenn nan gen mwayen pou l okipe w.
- Ou gen yon adrès kote ICE ak tribinal la ka voye enfòmasyon pou ou.
- Ou pa yon danje pou kominote a epi w gen koneksyon nan kominote a tou.

## Dokiman 1: Lèt Sipò Parenn nan (Obligatwa)

Men sa ki pou nan lèt parenn nan dwe ekri a:

- ❑ **Dat**
- ❑ **Non moun ki nan sant detansyon an avèk nimewo kat rezidans li**
- ❑ **Non parenn nan**
- ❑ Eitati Legal parenn nan Ozetazini (sitwayen, rezidan, oswa lòt)  
*Si parenn nan pa gen yon estati imigran legal Ozetazini, li t ap pi bon pou w jwenn yon zanmi oswa yon moun nan yon òganizasyon nan zòn nan (tankou yon moun ki nan nan yon gwoup legliz) ki dispoze pou l responsab ou epi ki ka prezante lèt sipò w ap gen bezwen an. Apresa, w ap kapab mande pou yo chanje adrès ou lè w soti nan sant detansyon an.*
- ❑ **Adrès parenn nan**, depi kilè l ap viv nan adrès li bay la, èske se yon kay li lwe oswa èske se pou li kay la ye.
- ❑ **Kijan nou ka kontakte parenn nan (nimewo telefòn ak/oswa adrès imèl)**
- ❑ **Kisa moun ki nan sant detansyan an ye pou parenn nan**
- ❑ Depi kilè moun ki nan sant detansyon an konnen parenn nan  
*Si ou menm ak parenn nan poko janm rankontre fas pou fas, li ka toujou eksplike nan lèt sipò a, kijan l anvè rankontre w ak akeyi w nan kominote a.*
- ❑ Nan lèt la fòk gen enfòmasyon ki montre kijan parenn nan òganize l pou l okipe l de ou. Fòk gen prèv l ap ba w **yon kote pou w rete** epi l ap ka ede w al nan tout randevou ICE ak randevou ki nan tribinal yo tou.
- ❑ Parenn nan PA DWE eksplike rezon kifè moun ki nan sant detansyon an kite peyi l.
- ❑ Parenn nan ka dekri tout rezon ki fè moun ki nan sant detansyon an se yon bon moun li ye
- ❑ Fòk parenn nan **siyen** lèt la; lèt la pa bezwen notarye.
- ❑ Parenn nan ka tape lèt la oswa ekri l alamen
- ❑ Parenn nan ka ekri lèt la nan nenpòt ki lang li vle a (nou ka bay tradui l)



## 2. Kopi Pyès Idantite Parenn nan (Obligatwa)



Li kapab nenpòt ki pyès idantite yon ajans nan gouvènman bay. Fòk li gen non parenn nan, yon foto ak dat lè l te fèt. Pa egzanp: lisans, paspò, pèmi pou travay (EAD), batistè (ansanm avèk yon lòt dokiman ki gen yon foto).

## 3. Prèv Eitati Imigran Legal Parenn nan (Obligatwa)

Ou ka prezante nenpòt ki dokiman ki ka pwouve parenn nan gen yon estati imigran legal Ozetazini. Fòk dokiman an pa ekspire. Parenn nan pa oblije yon sitwayen Ameriken. Men lis dokiman yo plis mande yo:

- Paspò Ameriken
- Batistè
- Dosye vwayaj (I-94)
- Kat Rezisans (“green card”)
- Pèmi pou Travay



#### 4. Prèk Adrès kote Parenn nan Rete (*Obligatwa*)



Ou ka prezante nenpòt ki dokiman resan ki gen non ak adrès parenn nan sou li. Se menm adrès la ki pou ni nan lèt sipò a ni nan dokiman w ap prezante yo tou. Dokiman yo plis mande yo se :

- Bil kouran, telefòn, gaz, elt.
- Papyè kay l ap viv la, lwaye, elt.
- Si w pa jwenn youn nan dokiman sa yo, itilize yon lòt lèt oswa yon lòt anvlòp.

#### 5. Prèk Salè Parenn nan (*Obligatwa*)

Fòk li gen non parenn nan sou li epi fòk li ka pwouve parenn nan gen ase lajan pou l okipe moun ki nan sant detansyon an lè yo lage l. Dokiman yo plis itilize yo se:

- Dokiman taks ki pi resan an (1099 oswa Fòmilè W-2)
- Chèk, fich peyman, elt.
- Relve bankè ki pi resan an
- Yon lèt nan men patwon kote parenn nan ap travay la



Si parenn nan resevwa èd pou jere bil kay oswa nenpòt ki lòt bagay, parenn nan ka ekri sa nan lèt sipò epi prezante dokiman ki montre sa tou.

#### Si w ka jwenn dokiman sa yo, prezante yo tou.

- Lèt rekòmandasyon ak sipò nan men fanmi, zanmi, oswa òganizasyon, **espesyalman nan men moun ki abite Ozetazini epi ki ka akeyi ak sipòte moun ki nan sant detansyon an lè yo lage l.**
- Lèt rekòmandasyon an dwe ansanm avèk yon fotokopi pyès idantite moun ki ekri l la.
- Nenpòt ki fotokopi sètifika maryaj, batistè timoun, diplòm oswa lisans pwofesyonèl moun ki nan sant detansyon an.
- Fotokopi dosye medikal moun ki nan sant detansyon an, kèlswa pòblèm medikal li genyen an.
- Si moun ki nan sant detansyon an ka bay yon papyè ki ka pwove LI PA GEN DOSYE KRIMINÈL, prezante paye sa yo. **Si li gen yon dosye kriminèl, fò l ka prezante dokiman ki pou pwove li “repanti” tou.**
- Ajoute nenpòt ki lòt bagay ki ka sèvi pou w pwouve gouvènman Ameriken an moun ki nan sant detansyon an se yon bon moun ki gen bon jan karaktè, kifè li pa sipoze nan yon sant detansyon ICE.